



Egzanpsyon pou Etid Kwasans ak Devlopman Imen

Li enfòmasyon ki anba a ak anpil atansyon. Ranpli epi siyen fòm sa a si w PA vle pitit ou a patisipe nan Kourikoulòm Kwasans ak Devlopman Imen nan lekòl li. Ou ta dwe voye fòm sa a tounen nan lekòl pitit ou a SÈLMAN si w pa dakò pou l patisipe nan kourikoulòm lan.

# Elèv la	Prenon Elèv la	Inisyal Dezyèm Prenon	Siyati	Klas
Pwofesè		Lekòl		

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la planifye pou l anseye yon kou sou Kwasans ak Devlopman Imen nan mwa me. Distri a ap itilize kou Kwasans ak Devlopman Imen Komite Dirijan Distri Lekòl nan Rejyon Palm Beach la te adopte an 1993, revize an 1996, epi yo mete l ajou lè sa nesèsè. Komite Dirijan an te apwouve kou a dapre Lwa Florid 1003.42.

Nou envite epi ankouraje w pou w revize kourikoulòm lan ansanm ak materyèl enstriksyon yo nan lekòl pitit ou a oswa sou sit entènèt Distri a: https://www.palmbeachschools.org/students_parents/reproductive_health_and_disease_education. Nou rekòmande w pou diskite sou materyèl sa yo lakay ou. Pitit ou a kapab pote devwa pou l fè lakay li avèk yon adilt nan fanmi an. Devwa sa yo opsyonèl. Yo konfidansyèl tou; yo p ap mande elèv ou a vin rapòte sa k te diskite. Objektif devwa sa yo se pou ba w yon chans pou kominike youn ak lòt sou sijè enpòtan sa yo.

Timoun yo bezwen enfòmasyon espesifik ak reyalis sou kwasans ak devlopman imen, bon relasyon ak lòt moun, epi gwosès ak prevansyon maladi, pou prepare yo pi byen pou laj adilt. Pandan legliz, lekòl ak lòt ajans kominotè yo gen wòl nan sipòte efò paran/moun ka p bay swen, yo rekonèt se paran ki genyen premye responsabilite pou edikasyon sou kwasans ak devlopman imen lakay. Lekòl la kapab prezante enfòmasyon ki reyèl, men paran/moun k ap bay swen kapab bay enfòmasyon sa yo kalite pèsònèl, espiyèl ak emosyonèl yo.

Distri a respekte dwa parantal ak wòl ou nan prezantasyon enfòmasyon nan domèn sansib ak delika sa a. Lwa Florid 1003.42, Seksyon 5 di: *Yo dwe egzante nenpòt elèv ki gen paran ki fè yon demand alekri bay direktè/tris lekòl la nan prezantasyon sou sante repwodiktif oswa nenpòt maladi, enkli (VIRIS IMINODEFISITÈ) HIV/SIDA, sentòm, devlopman ak tretman yo. Yo pa kapab penalize yon elèv ki egzante pou rezon egzansyon sa a.*

Si w chwazi pou pitit ou a pa patisipe nan kou sou Kwasans ak Devlopman Imen, y ap bay yon lòt devwa andeyò salklas la. Materyèl yo disponib pou ede fasilite konvèsasyon yo lakay ou ak pitit ou a sou sijè sa yo. Kontakte lekòl pitit ou a pou kapab jwenn yon kopi materyèl paran sou Kwasans ak Devlopman Imen. Seksyon paran an gen ladan l kopi materyèl chwazi yo te kreye pou salklas la.

Siyati Direktè/tris

Dat

Mwen te li epi m konprann fòm sa a konsènan Kourikoulòm Kwasans ak Devlopman Imen. Mwen menm, paran/responsab legal elèv non li ekri piwo a, PA bay konsantman pou pitit mwen patisipe nan leson kourikoulòm Kwasans ak Devlopman Imen.

Non Paran/Responsab Legal
oswa Elèv 18 an oswa *plis anlèt detache*

Siyati Paran/Responsab Legal
oswa Elèv 18 an oswa *plis*

Dat

Non Paran/Responsab Legal
oswa Elèv 18 an oswa *plis anlèt detache*

Siyati Paran/Responsab Legal
oswa Elèv 18 an oswa *pi gran*

Dat